

Sou imigran ki gen orijin ayisyen yo

Pou Komansè

Ant lane 1998 al 1999, Biwo nan gouvènman Québec la (Institut de la statistique du Québec) ki okipe zafè ankèt sou anpil kalte koze nan popilasyon an, te met tèt ansanm ak depatman ki okipe koze lasante ak lòt bezwen moun nan soyete ya (ministère de la Santé et des Services sociaux) pou yo fè yon kokenn Ankèt nan mitan 4 gwoup imigran ki rive bò isi ant lane 1988 al nan ane 1997. Imigran sa yo rete nan Montréal, nan laval ak yon zòn yo rele Montérégie. Se premye fwa yo te fè yon ankèt konsa pou yo ka ranmase bon jan enfòmasyon sou sante ak ale mie imigran ki soti nan peyi tankou La Chine, Haïti, Maghreb ak Moyen-Orient, ansanm ak moun ki soti nan peyi kote yo pale panyòl nan 2 Amerik yo. Lide Ankèt sa a te kòmanse jèmin nan lane 1994 paske Alliance des communautés culturelles pour l'égalité des soins en santé et en services sociaux – ACCÉSSS (Gwoup tèt ansanm moun ki soti nan lòt peyi yo kap lite pou ke tout imigran ka rive jwenn menm kalte swenn lasante ak sèvis gouvènman ofri moun nan sosyete a menm jan sa fèt pou natif natal yo) te mande yon louvri je sou kesyon sa a. Nan Ankèt sa a, yo jwenn bon jan ransèyman ki se kle pou ede dekouvri pwoblèm sosyal ak lijièn ki bay lamin ak jan imigran yo ap debouye yo pa bò isi. Menm jan tou, ransèyman sa yo kab louvri je zotobre kap bati pwojè sou koze lasante ak sila yo kap travay ak imigran yo, pou yo kapab konprann bezwen popilasyon imigran yo, e sa ki pi enpotan pou yo.

Ti liv sa a gen ladan l bagay ki pi enpotan nou ka jwenn nan Ankèt sou imigran Ayisien yo ki rive bò isi ant lane 1988 al 1997. Enfòmasyon sa yo, vin kore yon seri lot koze ki te soti nan yon rapò ke Clarkson ak kolaboratè l yo te prezante nan ane (2002). Nou mete koze sa yo deyò pou ede imigran Ayisien yo pran pi bon desizyon lè yo gen pou planifye kesyon lasante ak ale mie tout moun ki nan kominote sa a.

Nan ti liv sa a, nou jwenn anpil bagay sou imigran Ayisien yo tankou jan yo klase imigran sa yo, fason yo viv, jan yo santi kò yo, si yo al chache swen ka doktè, medikaman yo pran, jan yo santi lolòj yo (sante mantal yo) ak sa moun sa yo te sibi avan yo te vin bò isi, sa yo sibi bò isi; ak antouraj moun sa yo. Zouti ak fason yo itilize pou al chache enfòmasyon nan Ankèt sou imigran yo (1998-1999) sanble anpil ak yon Ankèt ke Biwo nan gouvènman Québec la (Institut de la statistique du Québec) te fè na lane 1998 sou popilasyon québécoise la (Daveluy ak kolaboratè li yo, 2000); bagay sa a fèt konsa pou yo kabap konpare sante imigran yo ak sante popilasyon québécoise la. Kòm imigran Ayisien yo pi jèn pase popilasyon québécoise la, yo te ajiste popilasyon québécoise la dapre laj ak sex Ayisien yo.

❖ Ki sa nou jwenn angwo nan ankèt sa a

Sa nou ka di angwo sou kesyon Ayisien ki rive bò isi ant lane 1988 al 1997 yo, sè ke, kondisyon lasante yo miyò pase lasante popilasyon Québécoise la. Sa vle di, imigran Ayisien yo gen mwens pwoblèm lasante, e yo pran mwens medikaman konpare ak Québécois yo. Sou kesyon sigarèt ak bweson, gen mwens imigran Ayisien ki fimen sigarèt e ki bwè bweson konpare ak Québécois yo. Menm jan tou, lolòj (sante mantal) imigran Ayisien yo miyò pase lolòj Québécois yo.

Sou kesyon moun ki gwo anpil, imigran Ayisien yo sanble ak Québécois yo, min sou zafè yonn ede lòt, imigran Ayisien yo gen kèk difikilte. Konsa tou, mwatye nan imigran ayisyen yo di yo konn wè jan yap bastonnin lòt moun nan peyi lakay akoz sityasyon sosyal osnon sityasyon politik peyi a. Sou menm kesyon sa a, gen apeprè 3 imigran Ayisien sou 10 ki di ke yomenm osnon moun yo konnin te soufri pèsekisyon politik nan peyi lakay. Ankèt sa a fè nou konnin tou, ke preske 3 imigran ayisyen sou 10 fè ekxperyans diskriminasyon depi yo rive bò isi, nan pwovens Québec la.

Pou moun k ap li dokiman sa a

Chif ki ekri an pousantaj yo e ki gen yon ti sinn * apre yo, se estime yo ye, sa vle di menm msi yo vre, se pa pawol levanjil yo ye, paske se yon ti gwoup moun tou piti yo reprezante.

Tout diferans nan chif ki nan dokiman sa a, yo vre pou 95 % sa vle di (19 fwa sou 20).

Deskripsyon popilasyon an

❖ Detay sou konpozisyon sosyal popilasyon Ayisyèn nan ak kategori imigran yo

Imigran Ayisyen ki rive pa bò isi ant lane 1988 al 1997 yo, moun sa yo pi jèn anpil pase popilasyon Québécoise la. Lè yo konpare imigran Ayisyen yo ak popilasyon Québécoise la dapre laj yo, gen 38 % imigran Ayisyen ki gen mwens ke 15 an konpare ak 19 % Québécois gen menn laj sa a. Ka moun ki gen 45 an epik yo, gen 14 % imigran Ayisyen yo konpare ak 35 % Québécois gen min-m laj sa a. Sou kesyon fanm ak gason, gen 45 % gason nan kominote Ayisyèn la ak 55 % fanm min, nan popilasyon québécoise la gen 49 % gason ak 51 % fanm.

Apre 45 % imigran nan kominote ayisyèn nan ki gen 15 an epik marye oubyen yo plase; 26 % separe, divose, oubyen yo vef (konjwen yo mouri) min, gen 29 % ki poukont yo, yo (selibatè).

Konsa tou, nou jwenn nan ankèt sa a sèlman moun ki gen orijin Ayisyèn yo: paran ak pitit yo ki pa ko gen 18 an. Sou kote moun sa yo fèt, gen 72 % ki pa fèt bò isi, ak 28 % pitit yo ki pa ko gen 18 an ki fèt nan peyi Canada.

Nan imigran ki gen orijin ayisyèn yo, e ki pa fèt nan peyi Canada, 25 % rive bò isi kom imigran "endepandan". Yo pase nan yon seleksyon ki baze sou yon sistèm pwen. 75 % imigran ayisyen yo se swa refijye, swa moun ki parene, swa etidyan oubyen yo nan yon lot kategori.

Apre 75 % imigran Ayisyen yo ki gen 15 an epik di yo kab pale ak ekri lang franse osnon angle sou de chèz.

Sou zafè lekòl, 69 % imigran nan kominote ayisyèn nan di piwo nivo lekòl yo rive se lekòl segondè oubyen klas siperye tankou Cegep, lekòl metye, osnon lekòl teknik). Se yon pousantaj ki sanble ak pousantaj Québécois yo an jeneral, 71 %. Sepandan, gen sèlman 12 %* imigran ayisyen yo ki di ke yo fè omwen yon ane etid nan inivèsite konpare ak 22 % popilasyon Québec la an jeneral.

Nan fanmi ki gen toulède paran yo ki ansanm, nou jwenn mwens fanmi sa yo nan kominote Ayisyèn nan (30 %) konpare ak popilasyon québécoise la (40 %). Konsa tou, gen plis fanmi monoparantal nan kominote ayisyèn nan (31 %) konpare ak popilasyon québécoise la (12 %). Nan fanmi ki gen timoun minè e ki gen toulède paran yo la (ke paran sa yo pat janm divòse ou yo refè vi yo ak yon lot moun), gen 49 % fanmi konsa nan kominote Ayisyèn nan konpare ak 80 % nan popilasyon québécoise la. Nan menm fanmi ki gen ti moun minè, gen 48 % ki monoparantal nan kominote Ayisyèn nan konpare ak sèlman 20 % nan popilasyon québécoise la.

Apre 51 % imigran nan kominote Ayisyèn lan ki gen 15 an epik ap travay pou lajan. Chif sa a pipiti pase chif nou jwenn nan popilasyon québécoise la (64 %). Nan kominote Ayisyèn nan, gen plis gason (59 %) pase fanm (46 %) kap travay pou lajan. Konsa tou, gen 63 % Ayisyen ki gen ant 25 ak 44 an daj, 40 % ki gen 45 an epik ak 31 % jèn ki gen ant 15 ak 24 an daj kap travay. Apre 37 % nan travayè sa yo santi yo dekalifye pwofesyonèlman, si yo konpare travay y ap fè jodi a ak sa yo te konn fè anvan yo vin viv nan Québec la.

Kèk karakteristik imigran kominote Ayisyèn nan, 1998 - 1999

Popilasyon an an jeneral		
		%
Peyi moun nan fèt	Canada	28
	Nan lot peyi	72
Sex	Gason	45
	Fi	55
Laj	0 a 14 an	38
	15 a 24 an	13
	25 a 44 an	34
	45 an epik	14
Kategori imigran ¹	Endepandan	25
	Lot kategori (refijye, parenaj, etidyan, lot)	75
Popilasyon moun ki gen 15 an epik		
Sa ki di yo metrize franse osnon angle	Franse ou angle	75
	Ni franse, ni angle	25
Marye, pa marye	Maye osnon plase	45
	Sépare, divose, vèf, vèv	26
	Selibatè (pa marye)	29
Sa ki gen yon travay peye	Gason	59
	Fi	46
	Fanm ak gason	51

1. Sèlman moun ki pa fèt Canada

Enfomasyon sa a soti nan ISQ (Institut de la statistique du Québec), Ankèt sou Communautés culturelles yo 1998-1999)


Fason moun yo viv ak fason yo aji

❖ Moun ki fimen sigarèt

Tout moun konnen ke fimen sigarèt pa bon ditou pou lasante. Nou ka di gen ant 40 000 ak 45 000 moun ki mouri chak ane nan peyi Canada akoz yo fimen. Met sou sa, 3 000 moun ki yomenm pa fimen, men ki mouri akoz lafimèn sigarèt lot moun, sa yo rele lafimèn segondè, oubyen lafimèn ki nan alantou yo. Sou kesyon sa a, moun ki fimen yo separe an 2 kategori : sa ki fimèn sigarèt toulejou, ansanm ak sa ki fimèn tanzantan osnon yon lè konsa.

Sou kesyon sigarèt la, gen mwens imigran Ayisyen ki gen 15 an epik ki rivé bò isi ant lane 1988 al 1997 ki fimèn (9%*) konpare ak 36% nan popilasyon québécoise la. Sou minm kesyon sa a, gen 81% Ayisyen ki pa janm fimèn konpare ak 34% Québécois. Konsa tou, gen apeprè 52% moun nan kominote Ayisyèn nan ki di yo respire lafimèn sigarèt lot moun chak jou (lakay yo, nan travay yo, nan lekòl osnon an piblik).

Abitid fimèn sigarèt, moun ki gen 15 an epik, Kominote Ayisyèn nan 1998-1999 ak Québec 1998




Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec. Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.

Institut de la statistique du Québec, Enquête sociale et de santé 1998

❖ Moun ki bwè bweson

Nan moun ki bwè yo, gen twa kategori : moun ki pa bwè ditou, sa vle di moun ki pa janm pran bweson nan tout vi yo; gen ansyen bwesonyè, sa vle di moun ki nan ane anvan nou rankontre yo a pa t bwè alkol; e moun ki bwè, sa vle di ki pran bweson detanzan-tan osnon ase souvan nan menm peryod sa a. Moun nan kominote Ayisyèn nan ki rivé isit ant lane 1988 al 1997 yo, e ki gen 15 an epik, gen 61% ki pa bwè ditou, osnon, yo te konn bwè min yo pa bwè anko; pou moun ki bwè yo, yo reprezante 39%. Chif sa a pipiti pase sa yo jwenn nan popilasyon québécoise la (83%). Lè yo konpare fanm ak gason nan kominote Ayisyèn nan, gason yo bwè piplis pase fanm yo (49% contre 32%).

Abitid pran bweson nan kominote ayisyèn lan moun ki gen 15 an epik 1998-1999 konpare ak nan tout pwovens Québec la 1998



Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec. Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.


Institut de la statistique du Québec, Enquête sociale et de santé 1998

❖ Pwa moun yo (konbyen yo peze, endis mas kòporèl)

Se rapo ki genyen ant pwa yon moun an kilogram ak kare grosè moun nan an mètr ki di konbyen moun nan peze. Lè yon moun gen twop pwa, sa ka lakoz yon seri maladi devlope pi fasil lakay li. Maladi kè, dyabèt, tansyon. Pou moun ki pa gen ase pwa, yo kab gen reta nan devlopman yo.

Sou kesyon pwa a, pa gen diferans ant popilasyon québécoise la ak moun nan kominote Ayisyèn nan ki rive bò isi ant lane 1988 al 1997. Ka moun ki gen 18 an epik yo, 37% peze twop, 52% gen pwa nòmal, 11% pa gen ase pwa. Nan popilasyon québécoise la, 32% peze twop, 56% gen pwa nòmal, 12% pa gen ase pwa. Ka moun ki peze twop yo, nou jwenn piplis fanm nan kominote Ayisyèn nan (45%) konpare ak gason (24%*). Nan kategori moun ki gen twop pwa, sa vle di ki pa gen sa yo rele yon pwa sante, gen mwens fanm pase gason (41% c. 68%).

Konbyen moun yo peze? Popilasyon ki gen 18 an epik Kominote Ayisyèn nan 1998-1999 ak popilasyon pwovens Québec la 1998



Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec. Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.

Institut de la statistique du Québec, Enquête sociale et de santé 1998.

❖ Aktivite fizik

Kelkanswa aktivite fizik la, keseswa travay nan kay, nan travay, nan monte desann ou kom amizman, tout aktivite sa yo gen anpil efè sou sante yon moun. Yo konstate nan ankèt la, gen anviwon 21 % imigran orijin Ayisyen yo, sa ki gen 15 an daj epik (ki rive nan Québec la ant 1988 ak 1997) ki deklare ke yo fè aktivite fizik pou pastan. Yo pratike pastan sa a omwen 3 fwa nan yon semenn pandan omwen 20 minit chak fwa. Yo mennen aktivite sa a pandan yon peryod twa mwa, e se menm rezilta a yo jwenn pou tout rès popilasyon pwovens Québec la, 25%. Sepandan, gen pliplis Ayisyen 44 %, pase Québécois 26 % ki di yo pa pratike okenn aktivite fizik kom pastan. Nan kominote ayisyen lan, se fanm yo prensipalman ki pa fè okenn aktivite fizik (52 % c. 31 % kay gason yo).

❖ Alimantasyon (sa moun yo manje)

Yo ekzamine ki sa moun yo manje selon kat gwoup aliman ki genyen nan Guide alimentaire canadien an. Gen sèlman 38 % imigran Ayisyen ki gen 15 an daj epik (nan moun ki rive ant 1988 ak 1997 yo), ki manje fwi ak legim omwen yon fwa pa jou, jan gid la rekomande l la. Li difisil pou nou jwenn ki sans pou nou bay rezilta sa a. Konsa tou, gen pliplis Ayisyen ki, yon fwa pa jou ou pliplis, manje tout sa ki fè pati sereyal (48 %), vyann ak tout sa ki gen menm valè ak vyann (51 %), yo bwè lèt ak tout sa ki fèt ak lèt yon fwa pa jou ou pliplis (55%).

Nan ankèt sa a, nou jwenn gen sèlman 21 % moun nan kominote ayisyen nan ki manje jan pou yo manje, sa vle di, pou chak jou, yo ta dwe manje youn nan chak aliman ki fè pati 4 gwoup aliman ki nan Guide alimentaire canadien an. Rezilta sa yo koresponn ak rezilta ankèt sou posiblite moun yo pou yo manje jan yo ta dwe manje. 63 % imigran Ayisyen yo di lajan yo genyen pou tout fanmi an ase pou pèmèt yo manje jan ta dwe

manje e sa ki ta bon pou yo manje. Ankèt la jwenn tou, gen 59 % Ayisyen ki di yo jwenn achte manje pou yon pri ki rezonab. Ankèt la di tou, gen pliplis Ayisyen ki di yo jwenn pi fasilman manje ki koresponn a sa yo anvi manje (69 %) e ki bon pou sante yo (77 %).

❖ Kèk konpotman sante yo jwenn prensipalman kay fanm yo

Gen twa bagay yo rekomande anjeneral pou fanm, pou yo depiste kansè nan tete yo. Se autoexamen du sein : sa vle di, fanm yo dwe ekzamine tete yo pou kont yo; doktè dwe fè ekzamen tete yo; epi gen mamografi a (yon radiografi tete pou fanm ki nan gwoup moun ki pi fasil devlope maladi a, e ki gen pase 40 an daj); gen tou test Papanicolaou a, yo rele li Pap test, yo rekomande li pou depiste kansè nan kol matris.

Gen apeprè menm kantite fanm Ayisyen (39 %), ki gen 15 an daj epik, ki rive ant lane 1988 al 1997 yo, konpare ak fanm Québécoise yo (46 %) ki gen menm laj la e ki di yo fè autoekzamen tete yo omwen yon fwa chak youn ou twa mwa. Si nou gade kounye a lot mwayen pou evite maladi, nou konstate gen (50 %) fanm ayisyen yo ki pa janm gen yon pwofesyonel lasante ki fè ekzamen tete yo, aloske pou Québécoise yo, an jeneral, se sèlman 17 % nan yo ki pa janm fè ekzamen sa a. Nou jwenn tou, gen (66 %) fanm orijin ayisyen yo ki pa janm pase test pou depiste kansè nan kol matris yo, sa yo rele (Pap test) la. Aloske se (14 %) fanm Québécoise yo, an jeneral, ki pa pase test sa a. Pou fanm Ayisyen ki gen 40 an epik, gen twaka (73 %) ki pa janm fè mamografi (radiografi tete) aloske se (34 %) fanm Québécoise yo ki, an jeneral, pa pase test sa a.


Jan yon moun santi kòl

❖ Jan yon moun santi kòl

Jan yon moun santi kòl, se an jeneral yon bon mwayen pou konnen si sante moun sa a bon ou pa bon. Se konsa, nou jwenn gen 54 % imigran Ayisyen ki gen 15 an epik, ki rive bò isi ant 1988 ak 1997, ki konsidere sante yo trè bon.

Nou ka di se apeprè menm rezilta sa a nou jwenn nan rès popilasyon Québécoise la (57 %). Malgre sa, nou jwenn pliplis Ayisyen pase Québécois ki, an jeneral, konsidere eta sante yo pasab osnon pa bon (18 %* c. 9 %). Pifò imigran Ayisyen yo (65 %) pa siyale okenn pwoblèm ak sante yo, nan rès popilasyon Québécoise la, se 42 % moun ki pa fè sa. Apeprè (20 %) Ayisyen yo deklare omwen yon pwoblèm sante, konsa tou 15% di yo gen de pwoblèm sante epik. Dènye rezilta sa a pi ba pase sa nou konstate kay popilasyon Québécoise la an jeneral (32 %). Nou jwenn, finalman, gen pliplis fanm pase gason nan kominote Ayisyen lan ki deklare ke yo gen omwen yon pwoblèm lasante (41 % c. 27 %).


Jan yon moun santi kòl, popilasyon ki gen 15 an epik
Kominote Ayisyen nan 1998-1999 ak popilasyon pwovens
Québec la 1998



Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec.
Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.
Institut de la statistique du Québec, Enquête sociale et de santé 1998

Ki pwoblèm sante nou jwenn piplis nan kominote Ayisyèn nan? Gen 6 % Ayisyen ki di yo soufri ak maltèt, doulè nan do osnon doulè nan rèl do yo. Gen 5 %* ki di yo soufri atrit osnon rimatis oubyen alèji avèk tou pwoblèm po. Konsa tou, nou jwenn piplis moun nan kominote Ayisyèn nan ki gen anemi (3,9 %) konpare ak popilasyon québécoise la (1,2 %). Si nou konpare pwoblèm sante kominote Ayisyèn nan ak pa popilasyon Québécoise la, nou ka di ke Ayisyen yo gen yon avantaj.

Kantite pwoblèm sante, nan tout popilasyon an kominote Ayisyèn nan 1998-1999 ak pwovens Québec la 1998



Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec. Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.

Institut de la statistique du Québec, Enquête sociale et de santé 1998

❖ Sante mantal

Gen 2 fason pou ekplike sa nou rele sante mantal. Premye a, se kisa moun nan santi : ekzanp : li kriye fasilman ; lot la se nan fason moun nan konpòte l (ekzanp : li pè tout tan, li pa anvè fè

anyen) konpòtman sa a rele anksyete osnon depresyon. Nan kominote Ayisyèn lan, ka moun ki gen 15 an daj epik, se apeprè 1,42 ki gen konpòtman anksyete ak depresyon. Kantite fanm ki gen konpòtman sa yo piplis pase kantite gason yo (1,48 c. 1,32). Rezilta sa yo koresponn an jeneral ak sa ankèt la jwenn nan tout popilasyon pwovens Québec la, osnon nan lòt gwoup imigran yo. Dezyèm rezilta ki pi pozitif konsène nivo satisfaksyon yon moun genyen nan vi pèsònèl li. Nan kominote Ayisyèn nan, nivo satisfaksyon sa a se 3,05 ka jèn yo ki gen ant 15 ak 24 an, nivo sa a piplis ka moun ki gen ant 25 ak 44 an yo (3,26). Ka moun ki gen 45 an epik yo, nivo sa a se 2,97.

❖ Sa moun yo sibi avan yo vin viv pa bò isi, ak sa yo sibi pa bò isi

Gen plizyè rezon ki ka pouse yon moun al viv nan yon lot peyi. Ankèt la te poze plizyè kesyon pou yo konnen kisa imigran nan kominote Ayisyèn nan (moun sa yo ki rive ant 1988 ak 1997) te sibi anvan yo kite peyi lakay. Ka moun ki gen 15 an epik yo, 47 % di ke yo te wè zak violans ki genyen nan peyi yo; 27 % di ke yomenm osnon moun yo konnen te sibi pèsèkasyon avan yo te vinn bò isi. Sou rezon ki fè moun sa yo vinn pa bò isi, gen 66% (2/3) Ayisyen ki di se pou rezon politik ki fè yo kite peyi lakay. Konsa tou, gen anpil Ayisyen (57 %) ki di ke yo kite peyi yo paske sityasyon ekonomik la pa bon di tou. Depi yo rive pa bò isi, moun nan kominote Ayisyèn nan ki gen 15 an epik, gen 31 % ki di yo sibi diskriminasyon omwen yon fwa, se piplis lè yap chache travay (72 %) ak lè yap chache kay (67 %) ke yo sibi piplis diskriminasyon.


Kijan yo itilize sèvis sante yo

❖ Konsiltasyon kay yon doktè osnon kay yon pwofesyonèl lasante

Sou yon peryod 2 semèn, ke moun nan piti osnon li gran moun anpil, gen 15 % imigran ki gen san Ayisyen kap koule nan vinn li kal konsilte yon pwofesyonèl lasante (medsin ou yon lot pwofesyonèl) konpare ak 24 % nan tout popilasyon pwovens Québec la. Pou konsiltasyon kay yon medsin jeneral, osnon kay yon spesyalis, gen menm kantite Ayisyen (12 %) konpare ak Québécois (14 %).

Ankèt la montre tou, nan kominote Ayisyèn lan, menm jan ak nan tout rès popilasyon pwovens Québec la, dènye konsiltasyon an se preske toujou nan klinik prive li fèt (74 % c. 75 %).

Moun ki konsilte omwen yon pwofesyonèl lasante, doktè, osnon yon lot, sou yon peryod 2 semenn : kominote Ayisyèn nan 1998-1999 ak pwovens Québec la 1998



Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec. Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.

Institut de la statistique du Québec, Enquête sociale et de santé 1998

❖ Medikaman Ayisien yo achte

Enfomasyon nou jwenn nan ankèt sa a pèmèt nou konnen ki medikaman imigran ayisyen yo pran sou yon peryod 2 jòu (medikaman doktè preskri yo, osnon medikaman yo achte san preskripsyon). Daprè Ankèt sa a, gen 25 % Ayisyen ki pran omwen yon medikaman pandan yon peryod 2 jòu, kèlkanswa laj yo. Nan popilasyon pwovens Québec la, gen pliplis moun ki pran medikaman (47 %) nan menm peryod sa a. Ankèt la di tou, ka Ayisien kòm ka Québécois yo, fanm yo pran pliplis medikaman pase gason yo sou peryod 2 jòu sa a (30 % c. 18 %). Pou fini, nou ka di medikaman yo pran pliplis se medikaman pou doulè (6 %) ak vitamin (5 %*).

❖ Sèvis info-Santé CLSC ?

Sèvis Info-Santé CLSC a, se yon sèvis sante ki la depi

1995 pa telefòn, nan tout CLSC nan pwovens Québec la, 24 trè sou 24, toulejou. Yo met sèvis sa a sou pye pou eseye amelyore sèvis sante yo, pou yo ka disponib pou tout moun, e pou yo dirije moun ki bezwen yo nan sèvis ki koresponn a pwoblèm sante yo genyen an.

Apeprè 63 % nan imigran ki gen 15 an epik nan kominote Ayisyèn lan konnen sèvis Info-Santé a nan zòn lakay yo. Nan rès popilasyon pwovens Québec la, gen pliplis moun ki konnen ekzistans sèvis sa a (76 %). Pami Ayisyen ki konnen sèvis la, 38 % sèvi ak li pou jwenn yon konsèy osnon yon enfomasyon. Popilasyon tout pwovens Québec la, an gwo, sanble li sèvi pliplis ak Info-Santé a (46 %). Men, diferans ant 2 rezilta yo pa gen twop enpotans. Imigran ayisyen kap viv ak timoun piti pi fasil konnen sèvis Info-Santé a pase sa ki pagen timoun yo (68 % c. 55 %).


Antouraj yon moun

❖ Entegrasyon ak soutyen sosyal

Dapre rezilta ki soti nan plizyè ankèt, èd yon moun jwenn kote moun li konnen ak moun li fè konfyans osnon nan fanmi l, ka bon anpil pou sante moun sa a. Konsa tou, moun ki vle jwenn plas li e ki ta rinmin viv byin nan yon lòt peyi, premie ane yo gan anpil enpotans pou moun sa a. Ka imigran Ayisien ki rive bò isi ant 1988 ak 1997, sa yo ki gen 15 an epik, 90 % di yo gen plizyè zanmi. Nan popilasyon québécoise la, se 95 % moun ki di yo gen plizyè zanmi. Nan relasyon Ayisien genyen avek zanmi yo, gen pliplis Québécois ki di yo satisfè (49 %) ke Ayisien (40 %). Sou kesyon rankontre zanmi osnon fanmi yon fwa ou pliplis nan yon semèn, nou jwenn mwens Ayisien (53 %) konpare ak Québécois (71 %). Konsa tou, gen 24 % Ayisien ki di yo satisfè anpil anpil ak vi sosyal yo min, gen 30 % Québécois ki di menm bagay la. Ankèt la jwenn tou, gen pliplis Ayisyen (14 %) pase Québécois (3,4 %) ki pa gen okenn moun, ni zanmi, ni fanmi yo ka konte sou yo si yo gen yon bezwen.

Nan moun ki gen 15 an epik nan kominote Ayisyèn nan, gen 30 % ki di yo viv pwoblèm pèsònèl nan 12 dènié mwa yo. Nan moun sa yo, mwatye nan yo jwenn èd pou rezoud pwoblèm sa yo (57 %). Apeprè 20 % moun nan kominote ayisyèn lan pran kontak ak yon asosyasyon kiltirèl ou yon asosyasyon dèd, osnon, mande moun ki pa rete nan pwovens Québec la konsèy.

Satisfaksyon¹ parapò vi sosyal yo ansanm ak relasyon ak zanmi, popilasyon ki gen 15 an epik kominote Ayisyèn lan 1998-1999 ak pwovens Québec la 1998



1. Satisfè anpil.

Enfomasyon sa yo soti nan I.S.Q. Institut de la statistique du Québec. *Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999.*

Institut de la statistique du Québec, *Enquête sociale et de santé 1998*

❖ Relijyon ak kwayans

Pou plizyè pèp, relijyon yo pratike ak kwayans yo gen yin jwe yon wol enpòtan nan vi yo. Sa ba yo sipo pou lavi toulejou, oubyen lè yo nan moman difisil. Pou yon moun ki fèk chanje peyi, relijyon li pratike ak lokal kote yo selebre sèvis la, ka gen anpil enpotans pou premye kontak li ak lot moun. Nou jwenn nan ankèt sa a, ke 90 % imigran Ayisyen yo di yo se kreyen. 50 % nan yo se katolik, 40 % se pwotestan. Nan popilasyon québécoise la, se 77 % moun ki di se katolik yo ye. Nan 12 dènié mwa yo, sou kesyon moun ki al legliz youn osnon plizyè fwa nan yon mwa, gen pliplis Ayisien (67 %) konpare ak Québécois (21 %). Ka moun ki bay vi spiritièl yo anpil enpòtan, nou jwenn pliplis Ayisien (84 %) pase Québécois (63 %). Konsa tou, gen pliplis Ayisien (51 %) pase Québécois (34 %) ki kwè ke vi spiritièl yo kapab yon diplis pou sante fizik yo osnon sante mantal yo.

❖ **Min kèk bagay ki mande min nan machwè, ak kèk bagay nou ka fè**

Ankèt sa a montre ke imigran Ayisien ki rive bò isi ant 1988 ak 1997 pa sanble ak Québécois yo sou plizyé bagay ke yo rele karakteristik demografik tankou laj, si yon moun maryé ou pa, si lap travay ou pa, si la l lekòl ou pa. Ankèt sa a montre tou ke yo pa viv menm fason, sante yo pa sanble, yo pa itilize sèvis yo menm jan, ni tou yo pa sanble nan sa yo kwè ni nan sa yo pratike. Tout pwofesyonèl kap travay ak kominote Ayisièn nan ta dwe konnen diferans sa yo, se sa ki ta kapab fè yo pi kronpran kominote a.

Moun ki ekri rapo final Ankèt sou kominote imigran yo 1998-1999 (Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999), yo fè plizyé pwopozisyon sou kesyon lasante pou popilasyon imigran yo an jeneral. Premye pwopozisyon an, se sou fason pou yo planifye sèvis sante yo ak ale mie imigran yo apre yo fin enstale yo nan pwovens Québec la. Dezyèm pwopozisyon an, se pou yo ta gen mwayen fè tout imigran yo konnen, epi ankouraje yo jwenn tout sèvis ki ka itil yo, pou evite yo twouve yo poukont yo, san resous. Nou panse ke imigran ki pa sèvi anpil ak sèvis sante ki genyen pa bò isi, se paske yo pa konnen ekzistans sèvis sa yo. Konsa tou, sa ka vle di ke sante imigran sa yo miyō pase

rès popilasyon québécoise la. Se yon bagay ki ta ankourajan anpil. Sou abitud vi imigran yo, yo ta dwe fè plis aktivite fizik kom lwazi, pou yo kapab kenbe yon bon pwa sante. Moun ki gen twōp pwa yo (peze twōp) fōk yo ta fè yo pran konsyans pou yo manje manje ki pi bon pou sante yo. Konsa tou, fanm yo ta dwe pran enfomasyon sou test pou yo fè pou evite kansè nan tete yo osnon nan kol matris yo.

Sou kesyon antouraj imigran yo, nan premye ane imigran yo enstale yo nan pwovens Québec la, gen plizyé mwayen pou fasilite entegrasyon yo nan sosyete a. Mwayen sa yo kapab 1) fè yon fason pou imigran sa yo jwenn èd pou yo chache ak pou yo jwenn travay ; 2) fè yon fason pou yo ka patisipe nan aktivite nan oganis kominotè yo. Sa pèmèt moun ki poukont yo gen yon vi sosyal. Nan sans sa a, oganis ak asosyasyon kominotè yo ki deja pran rasin, ki konnen pwoblèm nan e ki ap travay pou fasilite entegrasyon imigran yo ka itil anpil.

Pou fini, eksperyans diskriminasyon imigran ayisyen yo rapote yo, mande pou yo ta panche sou regleman ki genyen sou mache travay la sou kesyon diskriminasyon. Sa mande tou, pou yo ta sansibilize popilasyon an, pa ekzanp, nan medya yo, sou reyaltite diskriminasyon an.

Metod travay nou anplwaye

❖ **Popilasyon nou ankete yo**

Menm si ankèt la te fèt sou 4 gwoup imigran, rapò sa a nou ekri l sèlman sou imigran orijin ayisyèn yo. Sila yo ki vinn pa bò isi ant lane 1988 ak 1997 yo,. Pifò moun sa yo fèt Ayiti. Nan ankèt sa a, nou te vize granmoun ak pitit yo ki poko majè e k ap viv nan Montreal, nan Laval osnon Montréal (Rive –Sud).

❖ **Kantite moun nou rankontre**

- Nou te rankontre 312 fanmi nan kominote Ayisyèn la ;
- Nan chak fanmi sa yo, gen yon anketè ki te ranpli yon kesyonè ki bay enfòmasyon sou chak moun nan kay la. Sa bay ransèyman sou sante ak ale mie 1 068 moun o total ki gen tout laj. Konsa tou, gen 379 moun ki gen 15 an daj epik ki te ranpli yomenm yon kesyoné sou fason yo viv ak sou konpotman yo.

❖ **Fason nou pran ransèyman yo**

Moun ki al kesyoné fanmi sa yo la kay yo kab Asyisiyen ou yon lot nasionalite. Lè sé yon lot nasionalite, li gen yon entèprèt ki palé kreyol ki akonpaye l. Moun yo te gen dwa chwazi reponn swa an franse, an angle osnon an kreyol.

❖ **Nan ki epok nou pran enfomasyon sa yo**

Nou pran yo soti nan mwa novanm 1998 rive nan mwa out 1999.

Bibliografi

(Dokiman nou li pandan n ap fè travay sa a)

CLARKSON, May, Rebecca TREMBLAY et Nathalie AUDET (2002). *Santé et bien-être, immigrants récents au Québec. Une adaptation réciproque? Rapport de l'Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999*, Québec, Institut de la statistique du Québec, 341 p.

DAVELUY, Carole, Lucille PICA, Nathalie AUDET, Robert COURTEMANCHE et autres (2000). *Enquête sociale et de santé 1998*, 2^e édition, Québec, Institut de la statistique du Québec, 642 p.

Pou konsilte enfomasyon ki genyen nan rezilta ankèt sa a

ISQ a (Institut de la statistique du Québec) ankouraje tout moun k ap travay nan sektè lasante ak ale mie imigran ak kominote kiltirèl yo pou yo sèvi ak rezilta ankèt sa a. Rezilta yo, ekri nan yon dokiman ki rele : Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999 ki nan Centre d'accès aux données de recherche de l'ISQ (CADRISQ). Gen yon biwo nan Montréal, yon lot nan vil Québec. Pou piplis enfomasyon nou ka ale nan sit entènèt ISQ a ki se : (www.stat.gouv.qc.ca).

Se Institut de la statistique du Québec, ki fè dokiman sa. Li dedikase li an souvni May Clarkson.

Si nou vle piplis enfomasyon :

Nou ka jwenn ti piblikasyon sa a, ki rele *Faits saillants sur les immigrants d'origine haïtienne* sou sit entènèt ISQ a nan (www.stat.gouv.qc.ca) klike sou : « Toutes nos publications » epi ale apre nan seksyon Société et Santé.

Nou kapab kontakte tou responsab dosye a ki rele Lucille Pica nan nimewo (514) 873-4749 oubyen 1 (800) 463-4090 nimewo san peye pou Canada ak États-Unis.

Lè nou sèvi ak dokiman sa a, nou dwe site moun ki ekri l la :

Pica, Lucille (2004). *Faits saillants de l'Étude auprès des communautés culturelles 1998-1999 sur les immigrants d'origine haïtienne*, Québec, Institut de la statistique du Québec, 8 p.

Nou vle di yon gwo mèsi a mouche Hebert Lacombe ki revize ti liv sa a pou nou. Mouche Lacombe se yon epidemiologiste kap fè rechèch sou koze relijyon, zafè lespri ak lasante.